

COMMONWEALTH MASSACHUSETTS

KOMITE ENPLANTASYON ENSTALASYON ENÈJI DEPATMAN SÈVIS PIBLIK YO

AVI SOU ABITRAJ AK ODYANS POU KÒMANTÈ PIBLIK

EFSB 22-03/D.P.U. 22-21

Konpayi Elektrisite NSTAR ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy

Dapre G.L. c. 164, §§ 69J, 72, Konpayi Elektrisite NSTAR ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy (“Eversource” oswa “Konpayi” an), ki chita nan 247 Station Drive, Westwood, Massachusetts 02090, te depoze de petisyon asosye bòkote Komite Enplantasyon Enstalasyon Enèji an (“Komite Enplantasyon”) ak Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman”) anrapò avèk pwopozisyon Konpayi an pou konstwi, opere epi mentni: (1) uit nouvo liy transmisyon anba tè 115-kilovòlt (“kV”) ki pral loje nan yon total senk nouvo kanalizasyon plizyè-tib, ki bay antou apeprè 8.3 mil, nan pati nan Cambridge, Somerville ak zòn Allston/Brighton nan Boston (“Nouvo Liy yo”); (2) yon nouvo soustasyon 115/14-kV, ki pral sitiye nan yon vout anba tè sou yon pwopriyete ant Broadway Street ak Binney Street nan Cambridge (“Nouvo Soustasyon” an); epi (3) modifikasyon nan sèten enstalasyon sou-stasyon ki egziste deja nan Cambridge, Somerville, ak Allston/Brighton. Yo rele tout travay sa a ansanm Pwogram Enèji Greater Cambridge, oswa “Pwojè” a. Konpayi an deklare ke Pwojè a fèt pou reponn ak bezwen fyabilite alontèm nan zòn Cambridge lan, k ap sibi yon devlopman ekonomik rapid ak kwasans san rete nan chaj la.


Komite Enplantasyon an pral fè yon odyans kòmantè piblik a distans konsènan Pwojè a avèk èd vidyokonferans Zoom nan Madi, 28 jen 2022, a 6:00 pm. Pou yo antre ladan, patisipan yo ka klike sou (oswa antre) lyen ki annapre a <https://us06web.zoom.us/j/89391678590> sou yon konpitè, smatfòn oswa tablèt. Li pa obligatwa pou telechaje okenn lojisyèl davans. Pou patisipasyon odyo sèlman, patisipan yo ka rele nan **1 646 558 8656 (ki pa yon nimewo san frè)** epi apre sa, mete ID seminè anliy lan: **893 9167 8590**. **Si sa nesèsè, kòmantè piblik yo ap kontinye nan odyans siplemantè (yo) Mèkredi, 29 jen 2022, a 6:00 pm, epi, si sa nesèsè, Jedi, 30 jen 2022, a 6:00 pm. Nan odyans lan 28 Jen an, Komite Enplantasyon an pral anonse si odyans siplemantè yo nesèsè, epi li pral afiche sa tou sou sit entènèt Komite Enplantasyon an nan: <https://www.mass.gov/info-details/greater-cambridge-energy-project>.**

Si ou prevwa bay kòmantè an pasan pa Zoom pandan odyans kòmantè piblik la, tanpri voye yon imèl bay geneen.bartley@mass.gov avèk non ou, adrès imèl ou, ak adrès postal ou oplita **Lendi 27 Jen 2022**. Si ou prevwa bay kòmantè nan telefòn, tanpri kite yon mesaj vwa nan (617) 305-3529 avèk non ou, nimewo telefòn ou ak adrès postal ou oplita **Lendi 27 Jen 2022**. Yo ka otorize lòt moun pou fè kòmantè pandan odyans piblik la, selon libète desizyon Prezidan Seyans lan.

Komite Enplantasyon an ap aksepte kòmantè alekri sou Pwojè a. Kòmantè alekri yo pral pi itil pou Komite Enplantasyon an si yo soumèt oplita **Vandredi 22 Jiyè 2022**.

Moun oswa gwoup ki vle patisipe nan pwosedi Komite Enplantasyon an pi lwen pase bay kòmantè nan odyans kòmantè piblik la oswa soumèt kòmantè alekri ka chèche swa pou entèvni antanke pati oswa pou patisipe antanke patisipan limite. Yo dwe depoze yon petisyon pou entèvni oswa pou patisipe nan Komite Enplantasyon an nan fòm elektwonik, pa imèl oswa atachman imèl, bay

dpu.efiling@mass.gov ak bay donna.sharkey@mass.gov oplita nan fèmte biwo (5:00 p.m.) nan **Vandredi 22 jiyè 2022**.

Yo pral bay entèpretasyon anmenmtan pou Anglè nan Panyòl, Pòtigè, Chinwa (Mandaren) ak Kreyòl Ayisyen sou Zoom. Tout patisipan yo dwe chwazi lang yo prefere a pou tandè Entèprèt la k ap fè tradiksyon nan lang sa. Peze ti imaj glòb la  epi apre sa seleksyone lang ou vle a.

Odyans pou Kòmantè Piblik

Nan odyans pou kòmantè piblik la, Eversource pral prezante yon apèsi sou Pwojè a. Responsab piblik yo ak manm piblik la pral gen okazyon lè sa pou poze kesyon epi fè kòmantè sou Pwojè yo pwopoze a. Yon rapòtè tribinal pral anrejistre odyans kòmantè piblik la. Y ap poste yon anrejistremant odyans kòmantè piblik la sou chanèl [YouTube Depatman](#) an apre odyans kòmantè piblik la.

Entèvansyon ak Patisipasyon

Moun oswa gwoup ki vle patisipe nan pwosedi Komite Enplantasyon an pi lwen pase bay kòmantè nan odyans kòmantè piblik la oswa soumèt kòmantè alekri ka chèche swa pou entèvni antanke pati oswa pou patisipe antanke patisipan limite. Entèvansyon antanke pati pèmèt moun lan oswa gwoup la patisipe konplètman nan faz prèv pwosedi a, ansanm ak dwa pou patisipe nan odyans prèv yo ak pou fè apèl kont yon desizyon final. Yon patisipan ki limite ta resevwa dokiman nan kad pwosedi a epi li ta ka depoze yon rezime epitou depoze kòmantè alekri epi/oswa prezante kòmantè aloral konsènan Desizyon Pwovizwa a ba Komite Enplantasyon an.

Nenpòt moun ki vle entèvni antanke pati oswa patisipe antanke patisipan limite nan pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon alekri bòkote Prezidan Seyans lan ([gade nan Machaswiv pou Depo yo anba a](#)). Yon petisyon pou entèvni oswa pou kapab yon patisipan limite dwe reponn ak egzijans kalandriye ak sibstantif ki nan 980 CMR 1.00, règ pwosedi Komite Enplantasyon an, ke moun ka jwenn sou sitwèb Komite Enplantasyon an nan: <https://www.mass.gov/doc/980-cmr-1-rules-for-the-conduct-of-adjudicatory-proceedings/download>. Pou li otorize, yon petisyon pou entèvni ki depoze dapre 980 CMR 1.05 dwe demontre ke petisyonè a ka afekte anpil epi prezizeman ak pwosedi sa a.

Machaswiv pou Depo yo

Kòmantè alekri sou Pwojè a, oswa yon petisyon pou entèvni oswa pou patisipe antanke patisipan limite nan pwosedi sa a, dwe depoze nan de kote:

Toudabò, yo dwe depoze yon petisyon pou entèvni oswa pou patisipe, epi kòmantè yo nan Komite Enplantasyon an nan fòm elektwonik, pa imèl oswa atachman imèl, bay dpu.efiling@mass.gov; ak bay donna.sharkey@mass.gov oplita nan fèmte biwo nan **Vandredi 22 jiyè 2022**. Tèks imèl la dwe prezize: (1) nimewo dosye pwosedi a (EFSB 22-03/D.P.U. 22-21); (2) non moun oswa antite ki soumèt dosye a; epi (3) yon deskripsyon tou kout pou dokiman an. Depo elektwonik la dwe gen ladan tou non, tit, ak nimewo telefòn yon moun pou kontakte sizoka gen kesyon sou depo a. Dezyèmman, petisyon an oswa kòmantè yo dwe voye pa mwayen elektwonik bay avoka Konpayi an, David S. Rosenzweig, Esq., Keegan Werlin LLP, 99 High Street, Suite 2900, Boston, MA 02110, drosen@keeganwerlin.com.

Jiridiksyon Komite Enplantasyon an

Dapre G.L. c. 164, §§ 69H, 69J, Komite Enplantasyon an pral egzamine dosye Konpayi an pou detèmine si Pwojè a ta bay yon apwovizyonman enèji fyab avèk yon enpak minim sou anviwònman an nan pri ki pi ba ki posib la. Dapre G.L. c. 164, § 72, Komite Enplantasyon an pral detèmine si Pwojè yo pwopoze a nesèsè, si li sèvi pou ilite piblik la, ak si li konfòm ak enterè piblik la.

Egzamen Piblik sou Petisyon Konpayi an

Petisyon pou konstwi Pwojè a gen ladan enfòmasyon annapre la yo: (1) yon deskripsyon Pwojè a; (2) yon analiz sou nesèsite pou Pwojè a; (3) yon deskripsyon lòt chwa alapas Pwojè a; epi (4) yon deskripsyon enpak Pwojè a sou anviwònman an. Kopi petisyon Konpayi an, ansanm ak tout atachman yo, disponib pou enspeksyon piblik nan fòm pape nan kote ki annapre la yo:

- Energy Facilities Siting Board, One South Station, 5th Floor, Boston, MA 02110
- Cambridge Public Library, Main Branch, 449 Broadway, Cambridge, MA 02138
- Cambridge Public Library, O'Connell Branch, 48 Sixth Street, Cambridge, MA 02141
- Cambridge City Clerk, 795 Massachusetts Avenue, Cambridge, MA 02139
- Boston Public Library, Brighton Branch, 40 Academy Hill Road, Brighton, MA 02135
- Boston City Clerk, 1 City Hall Square, Room 601, Boston, MA 02201
- Somerville Public Library, 79 Highland Avenue, Somerville, MA 02143
- Somerville City Clerk, 93 Highland Avenue, 1st Floor, Somerville, MA 02143

Anplis, petisyon Konpayi an, ansanm ak tout atachman yo, disponib pa mwayen elektwonik sou sitwèb Komite Enplantasyon Enstalasyon Enèji yo nan:

<https://eeonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/EFSB22-03>. Komite Enplantasyon an te kreye yon paj wèb pou enfòmasyon espesyal pou pwosedi sa a epi li pral fè mizajou ladan l pandan pwosedi a. <https://www.mass.gov/info-details/greater-cambridge-energy-project>.

Enfòmasyon Konpayi an disponib tou sou sit entènèt Konpayi an nan adrès ki annapre a:

<https://www.eversource.com/content/general/residential/about/transmission-distribution/projects/massachusetts-projects/greater-cambridge-energy-project>

Pou mande materyèl nan fòm aksesib pou moun ki andikape (Braille, gwo lèt, fichye elektwonik, oswa fòm odyo) kontakte kowòdonatè ADA Komite Enplantasyon an nan Melixza.Esenyie2@mass.gov oswa 617-626-1282.

Demann pou Aranjman yo

Aranjman rezonab pou moun ki andikape yo disponib sou demann. Mete yon deskripsyon konplè sou aranjman w ap bezwen an ak yon fason nou ka kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon. Tanpri bay tout kantite preyavi ki posib. Tanpri prevwa bay yon preyavi omwen de semèn (14 jou). N ap aksepte demann ki fèt dènye minit, men nou gendwa pa kapab reponn ak demann lan. Tanpri, voye demann ou an bay: Melixza G. Esenyie, Responsab ADA ak Divèsite nan Biwo Egzekitif pou Zafè


Enèji ak Anviwònman nan Melixza.Esenyie2@mass.gov oswa rele nan 617-626-1282 oplita nan **Madi 14 Jen 2022**.

Sèvis entèpretasyon pou moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo disponib sou demann. Mete nan demann ou an lang w ap mande a, ak yon fason pou kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon. Tanpri tout kantite preyavi ki posib, anvan **Vandredi 17 Jen 2022**, si sa posib. Nou pral aksepte demann dènye minit yo, men gendwa pa kapab satisfè yo. Kontakte Prezidan Seyans lan (enfòmasyon pou kontak yo anba a).


Nenpòt moun ki vle plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, epitou enfòmasyon sou entèvansyon oswa sou patisipasyon nan pwosedi a kapab kontakte Prezidan Seyans lan tou nan adrès oswa nimewo telefòn ki anba a:

Donna Sharkey, Presiding Officer
Energy Facilities Siting Board
One South Station
Boston, MA 02110
Donna.Sharkey@mass.gov
(617) 305-3625

Chema 1: Pwogram Enèji Greater Cambridge



Chema 2: Chema 3-D Nouvo Sou-stasyon ki Pwopoze a



Nouvo Sou-stasyon Konpayi an

Nouvo Sou-stasyon an pral konstwi anba tè sou yon teren ki kounye a okipe pa Kendall Center Blue Garage nan #290 Binney Street nan East Cambridge. Fwontyè Sit Nouvo Sou-stasyon se Binney Street nan nò; antre pou aksè nan enstalasyon garaj ki egziste deja a sou bò lès; Broadway nan sid; ak Galileo Galilei Way nan lwès.

Pou sit la devlope pou Nouvo Sou-stasyon an, pwopriyetè teren an (Boston Properties, Inc. oswa “BXP”) pral demoli Kendall Center Blue Garage ki egziste deja a epi ranplase l avèk pakin souteren nan apeprè menm kote a. Apre demolisyon enstalasyon garaj pakin ki egziste deja a, Nouvo Sou-stasyon an pral okipe apeprè yon tyè nan teren an, oswa apeprè 35,000 pye kare (oswa 0.8 kawo tè). Andefinitif, BXP pral re-devlope rès sit ki egziste a nan kad [Plan Sou-stasyon Kendall Square MXD lan](#).

Nouvo Sou-stasyon an pral konstwi nan yon pwofondè apeprè 110 pye anba nivo sòl. Alesepsyon chemine vantilasyon, yon tèt pou monte chaj ak yon tèt aksè nan eskalye, Nouvo Sou-stasyon an pral konplètman anba tè. Nan nivo sòl, anlè sou-stasyon anba tè a, y ap konsevwa ak kreye zòn lan kòm yon espas ouvè ki aksesib pou piblik la, ki entegre nan pi gwo pwojè devlopman BXP lan.

Nan kad konsepsyon teknik, nouvo Sou-stasyon anba tè a ta gen eleman ki annapre la yo: aparèy switch 115-kV izole a gaz (Gas-Insulated Switchgear, “GIS”); vennde brekè sikwi 115-kV; sis endiktè seri 115 -kV; sal kontwòl avèk relè pwoteksyon ak ekipman kontwòl; ekipman kominikasyon ak batri kontwòl; twa transfòmator 90-MVA, 115/14-kV; aparèy switch distribisyon; ak sis bank kondansatè 14-kV, 9.6-MVAR. Ap gen espas rezève tou pou yon transfòmator siplemantè, aparèy switch, bank kondansatè, ak reyaktè shunt, si, ak lè sa nesèsè alavni.

Wout Liy Transmisyon Konpayi an Pwopoze a

Jan sa endike anwo a, Pwojè a gen ladan uit nouvo liy transmisyon anba tè 115 kV nan senk nouvo kanalizasyon plizyè-tib (8.3 mil antou, prensipalman nan wout piblik nan pati nan Cambridge, Somerville ak zòn Allston-Brighton nan Boston), yo chak ta konekte avèk Nouvo Sou-stasyon nan Cambridge la. Yo rezime senk Wout ki Pwopoze yo pou Pwojè a anba a.

Wout Pwopoze Somerville S1A (Sit Hampshire Street/D2) ak Varyasyon Wout S1

Wout ki Pwopoze a (ki deziyen ak “S1A”) gen apeprè 1.3 mil longè, ki konekte Nouvo Sou-stasyon an ak Sou-stasyon Somerville ki egziste deja a. Wout sa a pran direksyon lwès apati Nouvo Sou-stasyon an nan Broadway pandan apeprè yon blòk anvan li vire nan nòdwès sou Hampshire Street. Soti nan Hampshire Street, wout la dirije l nan nò sou Columbia Street. Wout la swiv Columbia Street nan Somerville pou rive nan entèseksyon li avèk Windsor Place. Wout la travèse Windsor Place epi li pran direksyon nò atravè yon pakin komèsyal prive nan direksyon ray tren MBTA yo (Fitchburg Route Main Line). Yo ta travèse ray tren yo avèk èd yon teknik konstriksyon san tranche. Apre li fin travèse ray yo, wout la pran yon direksyon lwès atravè devlopman pwojè D-2 Block-Union Square (“Sit D2”), an paralèl ak ray tren MBTA yo ak nouvo platfòm estasyon tren Green Line MBTA an, kote l vire nan nò paralèl ak Prospect Street (epi toutotou apeprè limit yon bilding ki nan konstriksyon kounye a sou Sit D2 an), epi apre sa nan lwès atravè Prospect Street kote li antre nan Sou-stasyon Somerville lan.

Varyasyon Wout S1 an swiv menm aliyman ki dekri anwo a pou Wout Pwopoze S1A an, sòf ke li vwayaje nan yon direksyon nòdwès toutotou kwen lès sit nouvo platfòm estasyon tren Union Square MBTA an, atravè Sit D2 an, anjeneral selon apeprè aliyman de pwochen wout yo ki asosye ak devlopman an, ke yo idantifye kòm Milk Alley ak Bennett Court. Apre sa, wout la travèse Prospect Street ak epi li ale nan Sou-stasyon Somerville la apati lès. Varyasyon wout sa a pa ajoute okenn longè ni pri apresyab parapò ak Wout Pwopoze S1A an.

Wout Pwopoze Kendall K5A (Linskey Way)

Wout ki Pwopoze a (ki deziyen ak “K5A”) gen apeprè 0.6 mil longè, ki konekte Nouvo Sou-stasyon an ak Sou-stasyon East Cambridge ki egziste deja a. Wout sa a pran direksyon lès apati Nouvo Sou-stasyon an pou ale nan Broadway, apre sa li vire nan nòdès jiska pwopriyete kole ak Sant Nasyonal Sistèm Transpò John A. Volpe (“Volpe Center Site”) Depatman Transpò Ameriken an epi li fè tranzisyon sou Third Street toupre entèseksyon li ak Potter Street. Wout la travèse Sit Volpe Center a pou evite konjesyon sèvis piblik nan pati Third Street epi presizeman entèseksyon Third Street/Broadway an. Apre sa Wout la vire nan lès sou Linskey Way epi nan sid sou Second Street, kote li konekte ak Sou-stasyon East Cambridge ki egziste deja a.

Wout Pwopoze Putnam P13 (Ames Street)

Wout Pwopoze a (ki deziyen kòm “P13”) gen apeprè 0.5 mil longè, epi li sitiye antyèman nan Cambridge. Wout sa a pran direksyon lès apati enstalasyon nouvo Sou-stasyon ki pwopoze a nan East Cambridge jiska Broadway epi nan sid sou Ames Street. Wout la swiv Ames Street atravè entèseksyon Main Street la, ak tinèl sobwe Red Line Massachusetts Bay Transit Authority (“MBTA”) anba li, rive nan entèseksyon avèk Memorial Drive. Nan Memorial Drive, wout la fini nan yon fòm

“T” avèk liy lan k ap tache nan liy transmisyon Eversource ki egziste deja nan lès ak nan lwès sou Memorial Drive.

Wout Pwopoze B2A Brighton East (Magazine Beach HDD) ak Varyasyon Wout B2AN

Wout Pwopoze a (ki deziyen kòm “B2A”) gen apeprè 2.9 mil longè, epi li pran direksyon lès apati Nouvo Sou-stasyon an jiska Sou-stasyon Brighton ki egziste deja a. Wout sa a pran direksyon lès apati Nouvo Sou-stasyon an sou Broadway anvan li vire nan sid sou Ames Street. Wout la swiv Ames Street atravè entèseksyon Main Street la, ak tinèl sobwe MBTA Red Line lan anba li, rive nan entèseksyon avèk Memorial Drive. Nan Memorial Drive, wout la vire nan direksyon lwès koye li swiv liy nan direksyon lès yo jiska pwopriyete Magazine Beach Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon Massachusetts lan (“MassDCR”). Magazine Beach ak segman Memorial Drive lan sitiye nan rezèv Charles River lan epi yo anba swen ak lagad MassDCR. Nan pwopriyete Magazine Beach lan, wout la travèse anba Charles River jiska Boston an pasan pa foraj direksyon orizontal (Horizontal Directional Drill, “HDD”), ki prevwa pou ta gen apeprè 1,750 pye longè. Apre li fin travèse anba Charles River, wout la swiv aliyman jeneral nouvo ri yo prevwa a, ke yo rele Lincoln Street Connector, ke yo pwopoze pou konstwi nan kad Pwojè Miltimodal Allston MassDOT la. Soti la, wout la ale sou Cambridge Street, li swiv Cambridge Street jiska nan Empire Street ak Lincoln Street kote li fini nan Sou-stasyon Brighton lan.

Konpayi an te pwopoze yon varyasyon wout pou ale nan Wout B2A Lès atravè Sit Pwojè Miltimodal MassDOT Allston lan. Wout Pwopoze B2A Lès la anjeneral swiv aliyman fiti Lincoln Street Conector lan atravè sit miltimodal la epi Varyasyon Wout B2AN East lan anjeneral li paralèl ak liy pwopriyete sid nan sit miltimodal la. Varyasyon Wout B2AN East lan bay fleksibilite wout si Pwojè Miltimodal Allston MassDOT lan pa vanse nan konstriksyon jan yo pwopoze kounye a, pandan l ap minimize tou kontrent fiti devlopman ki ka genyen paske li lokalize liy transmisyon an ak enfrastrikti twou egou nan zòn sit lan ki pa pral afekte yon fason negatif kapasite pwopriyete aktyèl la (Inivèsite Harvard) pou devlope pwopriyete a alavni. Varyasyon wout sa a pa ajoute okenn longè ni pri apresyab parapò ak Wout Pwopoze B2A East lan.

Wout Pwopoze B29F Brighton West (Pon River Street)

Wout Pwopoze a (ki deziyen kòm “B29F”) gen apeprè 3.0 mil longè, epi li pran direksyon lwès apati Nouvo Sou-stasyon an jiska Sou-stasyon Brighton ki egziste deja a. Wout sa a pran direksyon lwès apati Nouvo Sou-stasyon an sou Broadway anvan li vire nan sid sou Galileo Galilei Way jiska Vassar Street. Wout la swiv Vassar Street anvan l travèse nòdwès atravè yon pakin, epi yon pati nan pakin lan se pwopriyete MIT ak MBTA. Apati pakin nan, wout la travèse Grand Junction Railroad avèk èd yon fonsaj tiyo oswa yon lòt teknik travèse sanblab san tranche pou rive nan yon pakin sou yon dezyèm teren MIT posede (ki rele #634 Memorial Drive). Apre sa, wout la swiv Waverly Street jiska Brookline Street an pasan pa Reid Rotary nan Pon Boston University an, kote li kontinye lwès sou Memorial Drive rive nan Pon River Street lan. Nan kote sa a, wout la vire nan lwès atravè Pon River Street lan, sou Charles River, ak sou Cambridge Street nan Boston. Travèse pon an ta dwe akonpli pa mwayen enstalasyon kab transmisyon nan tabliye pon an/wout la. Sou bò Boston nan Charles River, wout la ta travèse ranp I-90 yo kote li ta swiv anplasman apeprè Cambridge Street la si li rekonstwi nan nivo sòl la nan kad Pwojè Miltimodal Allston MassDOT la. Apre li fin travèse yon ti bout teren ak pyebwa, ki pa devlope (~500-pye) ki bò kote akotman (yo) nan wout la, wout la fè tranzisyon tounen sou Cambridge Street jiskaske li rive nan Lincoln Street. Wout la swiv Lincoln Street pou rive nan Sou-stasyon Brighton lan.

Lòt chwa Wout Liy Transmisyon Remake Konpayi an

Senk Lòt wout Remake yo se nan fason ki annapre a:

Lòt Chwa Wout Remake Somerville S11C (Chemen Polivalan Grand Junction RR)

Lòt Chwa Wout Remake a (ki deziyen ak “S11C”) gen apeprè 1.6 mil longè, ki konekte Nouvo Sou-stasyon an ak Sou-stasyon Somerville ki egziste deja a. Wout sa a pran direksyon lwès apati Nouvo Sou-stasyon an nan Broadway pandan apeprè yon blòk anvan li vire nan nò sou yon teren Vil Cambridge posede ki toupre bò lès koridò MBTA Grand Junction Railroad la. Wout la kontinye nan nò sou pwopriyete vil Cambridge posede an paralèl ak bò lès koridò MBTA Grand Junction Railroad la. Apati Broadway rive nan Medford Street nan Somerville, wout la kwenside ak fiti aliyman ki ka genyen nan Chemen Polivalan Grand Junction Cambridge la, ki mande pou travèse apati yon teren vil Cambridge la posede sou bò lès koridò tren ki egziste deja a pou rive nan teren vil Cambridge la posede sou bò lwès koridò ray tren an. Kwazman sa yo ta rive nan pasaj ri nivo sòl annapre la yo: Binney Street, Cambridge Street ak Medford Street. Fwontyè minisipal Cambridge/Somerville la sitiye jis nan sid Medford Street. Apre li fin travèse Medford Street, Wout S11C an kontinye nan nò toutolon bò lwès MBTA ROW jiska entèseksyon ray tren Grand Junction ak ray tren banlye MBTA (Fitchburg Route Main Line). Apre sa, wout la ta travèse anba ray tren banlye MBTA yo ak McGrath Highway (Wout 28) avèk èd yon teknik konstriksyon san tranche, pou rive nan yon teren Eversource posede nan Linwood Street. Lè sa, liy transmisyon an t ap tounen nan konstriksyon konvansyonèl nan tranche ouvè pandan l ap vire nan nòdwès sou Linwood Street, Washington Street ak Prospect Street kote li konekte ak Sou-stasyon Somerville la.

Lòt Chwa Wout Remake Kendall K11 (Fifth Street)

Lòt Chwa Wout Remake a (ki deziyen ak “K11”) gen apeprè 0.6 mil longè, ki konekte Nouvo Sou-stasyon an ak Sou-stasyon East Cambridge ki egziste deja a. Wout sa a pran direksyon lès apati Nouvo Sou-stasyon an sou Broadway anvan li vire nan nò atravè Sit Volpe Center toupre a jiska Potter Street. Apati Potter Street, wout la pran direksyon nò sou 5th Street ak lwès sou Munroe Street anvan l travèse Third Street sou Linskey Way. Potter Street, 5th Street, ak Munroe Street se wout prive yo ye. Wout la swiv Linskey Way nan yon direksyon lès anvan li vire nan sid sou Second Street pou rive nan pwen entèkoneksyon li nan Sou-stasyon East Cambridge la.

Lòt Chwa Wout Remake Putnam P11 (Massachusetts Avenue)

Lòt Chwa Wout Remake a (ki deziyen kòm “P11”) gen apeprè 0.9 mil longè, epi li sitiye antyèman nan Cambridge. Wout sa a pran direksyon lès apati Nouvo Sou-stasyon an nan Broadway epi apre sa nan sid sou Ames Street jiska entèseksyon avèk Main Street. Wout la pran direksyon lwès sou Main Street paralèl ak tinèl tren Red Line MBTA an anvan l travèse tinèl la sou Vassar Street. Wout la pran direksyon sid sou Vassar Street jiska Massachusetts Avenue, kote li vire apre sa nan direksyon sidès sou Massachusetts Avenue jiska Memorial Drive. Nan Memorial Drive, wout la fini nan yon fòm “T” avèk liy lan k ap tache nan liy transmisyon Eversource ki egziste deja nan lès ak nan lwès sou Memorial Drive.

Lòt Chwa Wout Remake Brighton B31 East (Pon River Street)

Lòt Chwa Wout Remake a (ki deziyen kòm “B31”) gen apeprè 3.3 mil longè, epi li pran direksyon lès pou konekte Nouvo Sou-stasyon an jiska Sou-stasyon Brighton ki egziste deja a. Wout la swiv

Ames Street jiska entèseksyon avèk Memorial Drive. Nan Memorial Drive, wout la vire nan direksyon lwès (apre liy direksyon lès Memorial Drive yo) jiska Reid Rotary nan Pon Boston University an, epi li kontinye nan lwès sou Memorial Drive jiska Pon River Street lan. Nan kote sa a, wout la vire nan lwès atravè Pon River Street lan, sou Charles River, ak sou Cambridge Street nan Boston. Travèse pon an ta dwe akonpli pa mwayen enstalasyon kab nan tabliye pon an/wout la. Sou bò Boston nan Charles River, wout la ta travèse ranp I-90 yo kote li ta swiv anplasman apeprè Cambridge Street la si li rekonstwi nan nivo sòl la nan kad Pwojè Miltimodal Allston MassDOT la. Apre li fin travèse yon ti bout teren ak pyebwa, ki pa devlope (~500-pye) ki bò kote akotman (yo) nan wout la, wout la fè tranzisyon tounen sou Cambridge Street jiskaske li rive nan Lincoln Street. Wout la swiv Lincoln Street pou rive nan Sou-stasyon Brighton lan.

Lòt Chwa Wout Remake Brighton B30 West (Pon Anderson Street)

Lòt Chwa Wout Remake a (ki deziyen kòm “B30”) gen apeprè 3.4 mil longè, epi li pran direksyon lwès apati Nouvo Sou-stasyon an jiska Sou-stasyon Brighton ki egziste deja a. Wout la swiv Green Street jiska Putnam Avenue kote li vire nan nò epi apre sa nan lwès sou Mt. Auburn Street. Wout la swiv Mt. Auburn Street jiska John F. Kennedy Street. Lè sa, wout la pran direksyon sid sou John F. Kennedy Street jiska Pon Anderson Memorial la sou Charles River. Travèse pon an ta dwe akonpli pa mwayen enstalasyon kab nan tabliye pon an/wout la. Sou bò Boston lan nan Charles River, wout la swiv North Harvard Street jiska Franklin Street ak Lincoln Street anvan li fini nan Sou-stasyon Brighton lan.

Travay Pwojè Anplis

Pwojè a gen ladan travay nan senk sou-stasyon ki egziste deja pou pran nouvo liy transmisyon yo: Sou-stasyon Somerville #402, Sou-stasyon Putnam Bulk #831, Sou-stasyon East Cambridge #875, Sou-stasyon Brighton #329, ak Sou-stasyon North Cambridge #509. Tout travay ki dwe fèt nan estasyon sa yo ki egziste deja a pral fèt nan liy kloti estasyon ki egziste deja yo.

Amelyorasyon Sou-stasyon Somerville #402

Travay anrapò ak pwojè nan Estasyon #402 pral fòme ak enstalasyon nouvo kanalizasyon plizyè-tib anba nivo sòl, tèminezon kab anwo nivo sòl (nan anplasman tèminezon ki egziste deja yo), tiraj/tèminezon kab, ak chanjman pou kontwòl ak pwoteksyon.

Amelyorasyon Sou-stasyon East Cambridge #875

Je-ba bis 115-kV nan Sou-stasyon East Cambridge #875 lan se tèminal pou kab sòti Inite Pwodiksyon Enèji adjasan Pwosimite an ak de kab alimantasyon ki konekte ak sistèm transmisyon ki egziste deja a. Pou entegre Nouvo Sou-stasyon an nan sistèm transmisyon an, yo pral dekonekte kab sòti Inite Pwodiksyon Enèji Pwosimite an nan je-ba bis 115 kV la epi konekte l avèk yon nouvo liy yo pwopoze ki konekte dirèkteman ak Nouvo Sou-stasyon an. Yon nouvo liy 115-kV ki pwopoze nan Nouvo Sou-stasyon an pral konekte avèk pozisyon switch ke Inite Pwodiksyon Enèji Pwosimite a te konn itilize a. Travay la pral gen ladann rekonfigire kanalizasyon plizyè-tib yo nan lakou estasyon an, tiraj/tèminezon kab ak chanjman pou kontwòl ak pwoteksyon.

Amelyorasyon Substation Putnam Bulk #831

Yo pwopoze pou reyaranje liy 115-kV ki alimante Sou-stasyon Putnam Bulk #831 an nan yon kote andeyò anprent estasyon an sou Memorial Drive. Travay nan enstalasyon sou-stasyon sa a pral

genyen chanjman pou pwoteksyon ak kontwòl. Tout travay yo pral konfine nan enteryè sal relè 115-kV la.

Amelyorasyon Sous-stasyon Brighton #329

Travay anrapò ak pwojè nan Sous-stasyon Brighton #329 lan pral fòme ak enstalasyon nouvo kanalizasyon plizyè-tib anba nivo sòl, tèminezon kab anwo nivo sòl (nan anplasman tèminezon ki egziste deja yo), tiraj/tèminezon kab, ak chanjman pou kontwòl ak pwoteksyon.

Amelyorasyon Sou-stasyon North Cambridge #509

Je-ba bis 115-kV nan Sou-stasyon North Cambridge #509 lan se sous pou de liy alimantasyon 115-kV pou Sou-stasyon Putnam Bulk #831. Pou ekilibre flo yo sou sistèm transmisyon an, yo pral enstale reyaktè limitasyon kouran nwaye-lè (Current Limiting Reactors, “CLRs”) nan Estasyon #509 lan toupre anplasman tèminezon liy ki egziste deja yo nan direksyon sant sit la. Anplis de enstalasyon CLR yo ak fondasyon ki asosye yo, yon ti seksyon nan je-ba bis ki izole lè a pral ranplase ak je-ba bis ki izole ak gaz pou reyalize degajman elektrik ki nesèsè yo. Ap gen travay ki asosye tou ak modifikasyon obligatwa nan ekipman pwoteksyon ak kontwòl yo. Sou-stasyon an bòde sou tout kote ak zòn ki devlope ki gen ladan ray tren MBTA yo nan nò; Alewife Brook Parkway nan lès; yon sant komèsyal ak kabinè medikal nan sid; ak apatman rezidansyèl nan lwès.

Amelyorasyon Divès Sistèm Distribisyon

Konpayi an pral enstale tou yon seri 36 atè distribisyon ak kanalizasyon plizyè-tib ki asosye ak lòt ekipman ki konekte Nouvo Sou-stasyon an ak rezo distribisyon ki egziste deja a nan wout piblik imedyatman bò kote Nouvo Sou-stasyon an. Byenke liy distribisyon yo pa anba jiridiksyon Komite Enplantasyon an pou egzamen dapre G.L. c. 164, §69J oswa §72, nan kad Pwojè a, Konpayi an te bay enfòmasyon malgre sa sou konstriksyon sistèm distribisyon elektrik la pou idantifye tout pòte enstalasyon ki pral konstwi yo an ansanm ak Pwojè a.